



## OFFICE OF ADMINISTRATIVE TRIALS AND HEARINGS

Help Center

### **PWOSÈ POU MACHIN YO SEZI (“KRIMSTOCK”) NAN OATH**

#### Règ fondamantal

Lè NYPD fin sezi, oswa pran, yon machin nan kad yon krim yo di ki fèt, moun ki gen non li sou papye machin nan kòm mèt machin nan, oubyen moun ki t ap kondui machin lan nan moman yo sezi li an, gen dwa mande OATH pou li fè yo remèt li machin nan. Odyans pou detèmine si wi ou non yo te mèt remèt machin nan ap fèt nan Divizyon Pwosè OATH la epi li rele yon odyans “Krimstock”.

**Atansyon:** Moun k ap chèche pou yo remèt li machin nan dwe swa moun ki gen non li sou papye oswa sou tit machin nan kòm mèt machin nan swa moun ki t ap kondui machin lan nan moman yo sezi li an. Se yon sèl nan moun sa yo sèlman ki gen dwa fè demann odyans OATH la, epi se mèt machin nan k ap jwenn preferans.

**Atansyon:** NYPD gen dwa entante yon pwosè nan Tribunal Eta New York la (separeman ak apa OATH) kont mèt machin nan pou kenbe machin nan nèt, menm si yo remèt machin nan pwovizwaman apre yon odyans “Krimstock” nan OATH. Sa rele yon pwosedi konfiskasyon.

#### Avi sou dwa a pwosè

NYPD dwe remèt chofè a nan moman arrestasyon an yon avi sou dwa a yon pwosè OATH pou yo remèt machin nan (avi an andedan “Vehicle Seizure Form” (Fòmilè Sezi Machin nan)). NYPD dwe voye menm avi an pa lapòs bay moun ki gen non li sou papye oswa sou tit machin nan kòm mèt machin nan (oswa pou toude) nan yon delè 5 jou ouvrab apre sezi machin nan. Si NYPD pa bay chofè a ak mèt machin nan de (2) avi sa yo, nan moman arrestasyon an epi pa lapòs, sa gen dwa yon rezon pou remèt machin nan.

#### Pwogramasyon odyans la

NYPD dwe pwograme odyans OATH la nan yon delè 10 jou ouvrab apati de lè li resevwa demann odyans la. Pou fè demann nan defandè a ka ranpli anba Fòmilè Sezi Machin nan.

**Atansyon:** Moun yo arete a, oswa mèt machin nan, gen dwa egzije yon deklarasyon ekri tou nan men biwo Pwokirè Distrik la ki di kenbe machin nan kòm prèv pa nesesè. Pwokirè Distrik la dwe fè deklarasyon ekri an nan yon delè 7 jou apati de lè li resevwa demann sa a oswa li dwe chèche, pandan 7 menm jou sa yo, nan men tribunal k ap okipe dosye kriminèl la, yon “lòd sezi” (yon desizyon tribunal ki otorize NYPD kenbe machin nan).

#### Sa NYPD dwe pwouve nan odyans “Krimstock” OATH la pou refize remèt machin nan

- 1) Te gen “kont rezon pou sispèk” (apeprè menm bagay ak yon baz rezonab) pou fè arrestasyon an.
- 2) Gen “anpil chans” pou NYPD genyen nan yon pwosè pou kenbe machin nan.
- 3) Li nesesè pou kenbe machin nan poutèt si yo remèt li sa ap kreye yon risk pou machin nan pèdi, pou yo vann li, detwi li oswa sa ap yon risk pou sekirite piblik.

**Atansyon:** Pou refize remèt machin nan, NYPD dwe pwouve toulè 3 bagay sa yo nan odyans “Krimstock” OATH la.

**Atansyon:** “Kont rezon pou sispèk” la otomatik si ou te deklare tèt ou koupab pou akizasyon ki nan tribunal pou dosye kriminèl la.

#### Sitiyasyon ki gen dwa lakòz yo remèt machin nan

- **“Mèt Machin Inosan”** – Mèt machin nan gen dwa chèche pou yo remèt li machin nan si mèt machin nan pa t ap kondui machin lan nan moman arrestasyon ak sezi an, epi si mèt machin nan pa t ni otorize ni pèmèt itilizasyon machin nan pou komèt krim. (Atansyon: NYPD gen dwa eseye montre se chofè li arete a, olye de mèt machin ki sou papye/tit machin nan, ki se mèt machin nan toutbon.)
- **Avi** – Yon mèt oswa chofè machin gen dwa chèche pou yo remèt li machin nan si gen prèv NYPD pa t remèt de (2) avi obligatwa yo sou dwa mande odyans la.

Sa yo se sèlman de (2) pamti sitiyasyon ki posib yo; gen dwa gen lòt ki lakòz yo remèt machin nan. Ou gen dwa pou w parèt nan odyans ou a ak yon avoka. Si ou gen pwoblèm sa yo oswa lòt pwoblèm pou soulve epi ou montre yo avèk prèv, sa vle di, NYPD pa respekte nenpòt nan kondisyon legal ki pi wo la a, ou gen dwa fè chita pale sou pwoblèm sa yo avèk avoka ou epi di sa k ap trakase w la devan Jij OATH la nan odyans “Krimstock” OATH ou a. Pou plis enfòmasyon, [klike isit la](#).

**Pou pran randevou avèk yon moun nan Sant Èd (Help Center) OATH la, tanpri voye yon imèl pou nou nan Fòmilè Kontak sou Entènèt sa a oswa rele nou nan [\(212\) 436-0845](#) anvan konparisyon ki pwograme pou ou a nan OATH.**